


# T.QAYIPBERGENOVTIŃ PUBLICISTIKALIQ SHIǴARMALARINDA HAL FEYIL TOPLAMINIŃ QOLLANILIWI

**A.Qazaqbaeva**
Ilimiy basshı: doc.
**G.Primbetova**
Magistrant:
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25-May 2023 yil
Ma’qullandi: 28-May 2023 yil
Nashr qilindi: 31-May 2023 yil

**KEY WORDS**

*Biz bul maqalamızda qaraqalpaq ádebiyatınıń baytereklerińiń biri bolǵan T.Qayıpbergenovtıń publicistikalıq shıǵarmaları tilinde jumsalǵan hal feyillerdiń qollanılıw ózgesheliklerine toqtap ótpekshimiz.*

**ABSTRACT**

*Qaraqalpaq xalqınıń mádeniy turmısında ayrıqsha orın iyeleytuǵın kórkem sóz sheberleriniń shıǵarmaların lingvistikalıq baǵdarda izertlew úlken ámeliy áhmiyetke iye. Sebebi, ádebiy til – uluwma xalıqlıq tildiń kórkem sóz sheberleri tárepinen qayta islengen, dóretiwshilik baǵdarında bayıtılǵan túri. Kórkem sóz sheberi usı dóretiwshilik procesti basqarıp hám rawajlandırıp baradı.*

Qaraqalpaq til biliminde fonetika, leksikologiya, grammatika, dialektologiya hám til tariyxı tarawlarına baylanıslı kóp ǵana máseleler sheshilip, bir sistemaǵa túsiwine qaramastan, elege deyin izertleniwin kútip turǵan máseleler kóp.

Qaraqalpaq xalqınıń mádeniy turmısında ayrıqsha orın iyeleytuǵın kórkem sóz sheberleriniń shıǵarmaların lingvistikalıq baǵdarda izertlew úlken ámeliy áhmiyetke iye. Sebebi, ádebiy til – uluwma xalıqlıq tildiń kórkem sóz sheberleri tárepinen qayta islengen, dóretiwshilik baǵdarında bayıtılǵan túri. Kórkem sóz sheberi usı dóretiwshilik procesti basqarıp hám rawajlandırıp baradı.

Biz bul maqalamızda qaraqalpaq ádebiyatınıń baytereklerińiń biri bolǵan T.Qayıpbergenovtıń publicistikalıq shıǵarmaları tilinde jumsalǵan hal feyillerdiń qollanılıw ózgesheliklerine toqtap ótpekshimiz.

T.Qayıpbergenovtıń publicistikalıq shıǵamalarında hal feyil toplamları ónimli jumsalǵan. Hal feyiller (ıp/-ip, -a/-e/-y, ǵansha/-genshe, ǵalı/-geli, -mastan/-mesten, ǵanday/-gendey) hár túrli formadaǵı tolıqlawısh hám pısıqlawısh mánili sózlerdi basqarıp, hal feyil toplamın dúzedi. Hal feyiller feyil toplamın dúzip kelgende, háreketlik mánisin saqlap, eki tárepleme sintaksislik xızmet atqarıp turıwı tiyis: birinshiden, tiykarǵı is-háreketke qatnaslı onı pısıqlawıshlıq mánide sıpatlaydı; ekinshiden, tiykarǵı is-hárekettiń iyesine qatnaslı onıń qosımsha, ekinshi dárejeli is-háreketin bildiredi.

Jazıwshı shıǵarmaları tilinde hal feyil toplamları hár qıylı mánilik qatnaslarda qollanılǵan.

Hal feyilli toplamlardıń quramı tolıqlawısh hám pısıqlawısh mánili sózlerge iye bolıp, keńeyip keledi. Mısalı:

Omar Hayam menen Fizuliydiń, Nawayı menen Berdaqtıń shıǵarmaları ótmishtiń awır táǵdirlerinen biziń zamanımızǵa jetken *ashshı qıyǵırıq, qıyan-kesti gúreslerdiń shawqımı, qılıshlardıń shıqırlısı, adamzattıń jaqsılıqqa shaqırıǵı bolıp* qulaǵıma estildi (6.274-bet).

Sen ózińniń kewlińdi xoshlaytuǵın nársege qarsı gúresip, súygen nárseńdi ámelge asırıw ushın ne islep atırsań? (“Ádep-ikramlılıq ólsheminde”).

Hal feyilli toplamlardıń quramındaǵı tolıqlawısh hám pısıqlawıshlar óz anıqlawıshlarına iye bolıp keńeyip keledi:

Ol *biziń xalıqtıń áyyemgi qol óner iskusstvosın kórip*, ayrıqsha tańlanıw menen bizde jumıs islewge birotala qalıp qoydı hám *úlkemizde awıllardan-awıllarǵa júrip*, milliy iskusstvo dóretpelerin jıynadı (5.93-bet).

Bundaǵı maqsetim *ótmishtegi babalar menen házirgi áwladlar arasındaǵı waqıt keńisligin qısqartıp*, olardı bir-birine jaqınlatqım keledi (5.114-bet).

Hal feyil formalarınıń barlıq túrleri hal feyil toplamın dúze aladı. Jazıwshı shıǵarmaları tilinde hal feyildiń -ıp/ip -p forması arqalı dúzilgen feyil toplamları ádebiy tildegi sıyaqlı jiyi ushırasadı. Hal feyildiń bul túri feyil toplamın dúzip kelgende, semantikalıq jaqtan tiykarǵı is-háreketti hár túrli pısıqlawıshlıq mánilerde sıpatlaydı.

Hal feyildiń -ıp/-ip/-p formalarınıń basqarıwında dúzilgen hal feyilli toplamlar tómendegishe pısıqlawıshlıq mánilerdi bildiredi:

1. -ıp/-ip/-p formalı hal feyil toplamı tiykarǵı is-háreketke qatnaslı sın mánisin bildiredi. Máselen:

*Ata-babaların qalay húrmet etetuǵınlıǵına qarap* xalıqtıń mádeniyatınıń dárejesi bahalanatuǵınlıǵı álleqashannan málim emes pe? (5.114-bet).

-Qırǵız eline, qırǵız jerine kelip, jáne óz elimdi, *óz jerimdi kórgendey bolıp* otırman (5.117-bet).

*Táriyxtı úyrenip*, oǵan názer salıp jasaw bul házirgi zamanǵa bárqulla tereń kózqaras jiberip jasaw bolıp tabıladı, sonıń menen birge, ol xalıqtıń ruwxıy dárejesin rawajlandırıwdıń kórsetkishi hám qozǵawshısı dep esaplayman (5.91-bet).

Aral *óz aynalasınıń hawa rayına tásir jasap* bul jerlerde jasaw ushın qolaylı klimat payda etip kelgen edi (5.100-bet).

Ilimpazlardıń aytıwı boyınsha, bultlar Jer Orta teńizi Qara teńiz yamasa Kaspiy teńizinen biziń tárepimizge qaray jıljıǵanda Aral aydınınan kóterilgen puw *onı qaytadan joqarı kóterip*, basqa jaqlarǵa quwatuǵın edi (5.100-bet).

2. Hal feyildiń -ıp/-ip/-p formasında kelgen toplam waqıt mánisin bildiredi. Bul feyil toplamlarınıń waqıtlıq mánisi olardıń máhállik mánisine qatnaslı belgili boladı. Máselen:

Suwǵa, jerge haqı tólewdi engiziw endi ǵana, *1991-jıldan baslap*, qolǵa alınıp otır (O.80-bet).

3. -Íp/-ip/-p formalı hal feyilli toplam tiykarǵı is-háreketke sebeplik, maqset, shárt mánisin bildirip kelgen toplamlardı biz jazıwshı shıǵarmaları tilinde derlik ushıratpadıq.

4.-Íp/-ip, -p formalı hal feyillerge tur, otır kómekshi feyilleriniń dizbeklesip keliwi arqalı dúzilgen toplamlardı biz jazıwshı shıǵarmaları tilinde derlik ushńratpadıq. Bunday usılda berilgen mısallar kóbinese bayanlawısh xızmetinde ekenligin anıqladıq. Kerisinshe, jazıwshı shıǵarmaları tilinde hal feyildıń -ıp/-ip forması birgelkili aǵza xızmetinde ónimli jumsalǵanlıǵan anıqladıq. Mısalı:

Úyge berilgen tapsırmasın tayarlamay kelip, umıtqanın hár kúni sıltaw etetuǵın balalar da erinlerin *shúrtiytip, kózlerin adıraytıp,* tańlanıstı. (6.154)

*Olay oylanıp, bılay oylanıp,* aqır sonı rayonda miliciya nachalnigi bolıp isleytuǵın jiyenimniń keńsesine bardım (6.110-bet).

Men dokladtı *tıńlap otırıp,* pútkil elimizdiń 70-jıllıq táriyxında, onda Qaraqalpaqstan xalqınıń azǵantay da bolsa úlesi bar ekenligine maqtanısh sezimleri menen *tolıp-tasıp otırıp,* qaraqalpaq xalqınıń revolyuciyaǵa shekemgi ótmishin yadıma túsirdim (5.92-bet).

Jiyen jırawdıń zamanında birew gúnalı bolsa, *onı ash qoyıp, qasına eń jaman kóretuǵın dushpanın otırǵızıp*, soǵan ayrıqsha sıy-húrmet kórsetetuǵın bolǵan. (6.124)

Hal feyidiń -a, -e, -y formalarınıń basqarıwında dúzilgen toplam tiykarǵı is-háreketti hár túrli pısıqlawıshlıq mánilerde sıpatlaydı. Hal feyildiń bul formalarınan dúzilgen toplamlar tiykarǵı is-háreketke sın, waqıt, sebep, shárt hám qarsılaslıq mánilerde qatnas jasaydı. Mısalı:

1. Hal feyildiń -a formasınıń basqarıwındaǵı toplam tiykarǵı is-hárekettiń **tez islengenligin** bildiredi:

2. Hal feyildiń bolımsız túrinen bolǵan -may formalı toplam tiykarǵı is-hárekettiń **sının** bildiredi:

AYTENOV. Birinshiden, Jańa jılda Siziń gazetańızdı oqımaytuǵın adam bolmasın, ekinshiden, Jańa jılda qosılǵan bir jas heshkimdi *ǵarrılıqqa súyremey*, dańqın asırsın (5.38-bet).

-may-aq formalı toplamnıń is-háreketi orınlanbay-aq **tiykarǵı is-hárekettiń islengenin** bildiredi:

Men úylengennen soń, aradan bir hápte *ótkermey-aq* anam awlaq shaqırıp aldı. (6.150-bet).

Bir dástannıń hár danasında jańasha ózgerisler bar sıyaqlı, atam ejelep oqıtqan sayın, ózime yad qatarlardı *kitapqa qaramay-aq* oqısam, shayırlıq maǵan onsha qıyın emestey túyiledi (6.153-bet).

3. Hal feyildiń -may forması arqalı dúzilgen toplamlı tiykarǵı is-háreketke qatnaslı **sebeplik** máni ańlatadı:

Ózine talap shań hár bir xudojnik sekilli Jambın Purev te óz shıǵarmalarınıń kemshiliklerin moyınlap, ele de bilimi azlıǵın bazda xarakterler, obrazlar dóretiwde *kútá tereń kete almay* kóp sózlilikke jol qoyatuǵınına nalınadı (5.150-bet).

4. Hal feyildiń -a, -e, -y forması arqalı bildirilgen toplam tiykarıǵı is-háreketke **qarama-qarsı** mánide qollanıladı:

Al, men ataqlı Aytenova bola-tura onıń familiyasına ótiwdi qálemeymen! (5.43-bet).

Kritikańızdan ózim ǵana juwmaq *shıǵarmay*, pútkil rayonǵa eń jaydırdım (5.29-bet).

5. Hal feyildiń -a/,-e/-y forması tur kómekshi feyili menen kelip qollanılǵan: Túsinisip? Óz ákeń menen-á? Óziń *muǵallim bola turıp* óz ákeńe, jası úlkenlerge húrmetsizlik etiwdi qaydan shıǵardıń! (5.49-bet).

Hal feyildiń -a/-e/-y formalarınıń ishinde -y formasınıń birgelkili bolıp keliw jaǵdayları jiyi ushırasqanlıǵınıń gúwası boldıq. Mısalı:

Bul baxtımız, bul kúshimiz ushın kimge minnetdar bolsa *uyalmay, jasırmay* jazıńar (6.325-bet).

Jer adamdı *tuńǵıyıqqa túsirmey, aspan tóbeńe báleqada jawdırmay* turıptı (6.117-bet).

Paydasın tiygizbese hesh gáp, olardıń *saǵan zıyan etpey, ayaq astıńdı gewlemey,* jasaǵanına quwanasań. (6.291)

Bul baxtımız, bul kúshimiz ushın kimge minnetdar bolsa uyalmay, jasırmay jazıńdar. (Q.325)

6. Hal feyildiń -a, -e, -y formalarınıń basqarıwındaġı toplamlar is-hárekettiń isleniw waqtın hám shártlik máni bildirip keliwine mısallar ushıratpadıq.

Hal feyildiń -ǵan-sha\-gen-she forması kelbetlik feyildiń -ǵan\-gen formasına -sha -she affiksiniń jalǵanıwı arqalı jasaladı.

Tyurkologiyalıq miynetlerde -sha\-she affiksi tariyxıy shıǵısı jaǵınan barıs sepliginiń aldıńǵı formasına kirgizgen. Bul forma eń dáslep belgili bir baǵdardı bildiriwshi mánige iye bolǵan. Sonıń menen birge, bul seplik jalǵawı terminativlik mánige de iye bolıp, hárekettiń belgili dárejede isleniw shegin bildiredi. Jáne de -sha\-she affiksi kelbetlik feyildiń -ǵan\-gen formasına jalǵanıw arqalı hal feyil formasına ótip, onıń hár túrli pısıqlawıshlıq mánilerde qollanılıw órisi keńeyedi.

-ǵansha/-genshe formalı toplam waqıt, shárt pısıqlawısh mánilerin bildiredi. Mısalı: Jurnalistler menen *sóylespegenshe* qaytıp keletuǵın bolmasın! (5.32-bet).

Al, sońǵı jılları keshte jatar aldında qapınıń ilingen-ilinbegenin *óz kóziń menen kórmegenshe* janıń tınısh tappaydı (5.41-bet).

AYTENOV. Gápińniń jóni bar kórinedi. *Jurnalistler menen sóyleskenshe* qaytıp ketetuǵın bolmasın! (5.32).

Al, sońǵı jılları keshte jatar aldında qapınıń ilingen-ilinbegenin *óz kózim menen kórmegenshe* janıń tınısh tappaydı (5.41).

Bul mısallardı tallap qaraǵanımızda, -ǵansha/-genshe formalı toplam tiykarǵı is-háreketke qatnaslı kóbinese waqıtlıq, sonday-aq shártlik mánilerin bildirip kelgen.

Hal feyilfiń -ǵalı/-geli forması táriyxıy shıǵısı jaǵınan kelbetlik feyildiń -ǵan/-gen formasına -lı/-li affiksiniń jalǵanıwı arqalı jasaladı. Hal feyildiń -ǵanlı/-genli forması siyrek jaǵdayda awızeki sóylew tilinde ǵana bolmasa, tiykarınan, házirgi ádebiy tilde -ǵalı/-geli formasında qollanıladı.

Hal feyildiń -ǵalı/-geli formasınıń basqarıwındaġı toplamǵa jazıwshı shıǵarmaları tilinde derlik mısallar ushıratpadıq.

Hal feyildiń -mastan/-mesten forması kelbetlik feyildiń -mas/-mes formalı bolımsız túrine shıǵıs sepligi jalǵanıwınan jasaladı.

Hal feyildiń bul forması haqqında ilimpazlarda N.A.Baskakov hám D.S.Nasırovlardıń miynetlerinde [3.10.] ekinshi dárejeli kelbetlik feyil formaları dep qaraladı. Sonıń menen qatar, bul formanıń uqsaslıq mánige iye bolıp, hal feyil formasınan ashıq ajıralmaǵanı kórsetiledi. Ilimpazlar bul feyil formalarınıń atlıq sózlerge qatnaslı atributivlik qatnasta kelgen túrlerin kelbetlik feyil, al is-háreketke qatnaslı, onı pısıqlawıshlıq mánide sıpatlap kelgen túrin hal feyil kategoriyasına jatqaradı.

–mastan/-mesten formalı toplam tiykarǵı is-háreketke qatnaslı **sın hám waqıt** pısıqlawısh mánilerin bildirip kelgen.

1. –mastan/-mesten formalı toplam sınlıq mánide qollanılǵan:

“Dárwish” istiń tórkinine túsinip jáne *sóylemesten* jónine kete beredi (6.254-bet).

Ol bunnan basqa bir sóz aytpadı, biraq sol qosıǵı *ózgertilmesten* diywalı gazetanıń náwbettegi sanında basıldı. (6.155)

Jawızlıqtı azarsızlandırıwdı biliw ushın birden mártlik etip, onıń menen *mawasaǵa kelmesten,* onı kórkem izertlep úyreniwimiz kerek (5.64-bet).

2. –mastan/-mesten + burın tirkewishli toplam da waqıtlıq máni bildirip kelgen. Mısalı:

Bul ushın *birewdi ayıplamastan burın* hár dáwirge húrmet penen qarap úyreniw bizdi biraz bálekadadan qutqaradı (6.254-bet).

Allataala adamlarǵa *baxıtsızlıq ákelmesten burın* onıń miyin ortalandırıp taslaytuǵın bolsa kerek (O.36-bet).

3. –mastan/-mesten formalı toplam qarsılaslıq máni bildiredi:

Ekologiyalıq problemalardıń ádep-ikramlılıq aspekti mınaday, biz tábiyatqa hesh nárse *bermesten*, onnan tek ala beriwge úyrenip kettik (5.73-bet).

Topıraǵı torqa bolgır Timiryazev ismli ilimpaz tábiyattı kóp izertlep, mınaday danalıq aytıp ketken eken: "hárbir insan, hár bir xalıq, hár bir mámleket jer-suwdan paydalanıwdı maǵan berilgen huqıq, ata-babalarımnan miyras qalǵan artıq nesiybem dep *bilmesten, keleshek áwladtan qarızǵa alǵanman, onı buzıp isten shıǵarıp taslamastan*, ózine qaytarıw biziń wazıypamız, biz solay islewge minnetlimiz, dep biliwi tiyis" (O.69-bet).

Shıǵarma tilinde qollanılǵan hal feyildiń -ǵanday/-gendey forması feyil toplamın dúzip kelgende, kóbinese is-háreketke qatnaslı bolıp, onı hár túrli pısıqlawıshlıq mánilerde sıpatlap kelgen.

1. -ǵanday/-gendey formalı toplam tiykarǵı is-háreketke qatnaslı sın pısıqlawısh mánisin beredi. Bul formadaǵı hal feyilli toplam sınlıq mánide kelgende, tiykarǵı is-háreketke qatnaslı qalay? qáytip? degen sorawlarǵa juwap beredi:

Tilekke qarsı, auditoriya *awzın qumǵa toltırǵanday* jım-jırt otıra berdi (5.119-bet).

Solay etip, bul keltirilgen mısallarda hár túrli sınlıq, waqıtlıq mazmunlardı ańlatıwshı hal feyil toplamlı gápler bar bolıp, olar adamlar bir-biri menen pikir alısıwında, pikirlerin anıq hám túsinikli etip jetkerip beriwinde úlken xızmet etedi. Biz hal feyil formaları shıǵarma tilinde hár qıylı mánilik qatnaslardı bildiriwde hám gáp aǵzaları xızmetinde únemli jumsalǵanlıǵınıń anıqladıq. Sonday-aq, ayırım hal feyil formalarınıń birgelkili aǵza xızmetinde ónimli jumsalǵanınıń gúwası boldıq.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Дәўлетов М. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде қоспаланған жай гәплер. –Нөкис, Қарақалпақстан, 1976.

2. Дәўлетов М. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде фейилдиң функционал формаларының системасы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1990.

3. Насыров Д. Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. -Нөкис, Қарақалпақстан, 1964.

4. Orazımbetova Z., Esemuratov A. T.Qayıpbergenov publicistikasınıń tillik ózgeshelikleri. "Qaraqalpaq ádebiyatınıń jarıq juldızları". Ilimiy maqalalar toplamı. -Nókis, Qaraqalpaqstan, 2015.

5. Қайыпбергенов Т. Фамилия. Нөкис, Қарақалпақстан, 1988.

6. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақнама. Нөкис, Jeti ıqlım, 2021.